



## Kimoun ki ka kalifye pou Child and Dependent Care Credit (Kredi taks pou swen timoun ak depandan)

### Ou ka mande kredi sa a si:

- ou te kalifye pou mande kredi taks federal pou swen timoun ak depandan (kèlkanswa ou te mande kredi federal la oswa ou pa te mande l). Pou lòt enfòmasyon anplis pou mande kredi sa a, gade Form IT-216, *Claim for Child and Dependent Care Credit* (Fòm pou reklame kredi taks pou swen timoun ak depandan), ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ki disponib ann anglè sèlman).

### Ki montan kredi a?

Kredi a se yon minimòm 20% kredi federal la e jiska 110%, saderan montan revni ajiste anvan taks New York ou.

### Egzijans konsève dosye

Aprè nou fin egzaminen deklarasyon taks ou, nou ka mande w pou bay prèv ou gen dwa pou jwenn kredi a. Si nou mande sa, w ap gen pou voye enfòmasyon sa yo ban nou:

- chèk anile oswa money order (manda postal), ak
- resi lajan kach ou te resevwa nan moman peman an, ke Depatman taks kapab verifye.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Egzijans konsève dosye gade Form DTF-216, *Recordkeeping Suggestions for Child Care Expenses* (Fòm DTF-216, Sijasyon pou konvève dosye depans pou swen timoun) (ki disponib ann anglè sèlman).

**Pou aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon,** gade Form IT-216, *Claim for Child and Dependent Care Credit* (Fòm pou reklame kredi taks pou swen timoun ak depandan) ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ann anglè sèlman).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou kredi federal la, gade IRS Publication 503, *Child and Dependent Care Expenses* (Piblikasyon IRS 503, Depans pou Swen Timoun ak Depandan).

**Remak:** Si kredi sa a piplis pase montan taks ou dwe, y ap ranbouse w diferans la si w te yon rezidan pandan yon ane okonplè.